



Pou Piblikasyon Imedya: 08/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 10 SIT VAKSINASYON AN MAS SIPLEMANTÈ KE ETA A JERE PRAL OUVRI NAN SEMÈN K AP VINI YO

Sit yo pral etabli nan Vil New York, Long Island, Hudson Valley, Kapital, Southern Tier, Mohawk Valley ak Rejyon Lwès New York yo

Apiye rezo sit distribisyon vaksen ki deja laj New York la pi plis

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke kòm apwovizyonman vaksen federal la kontinye ap ogmante, New York ak etabli 10 sit vaksinasyon an mas ke eta a jere nan Vil New York, Long Island, Hudson Valley, Kapital, Southern Tier, Mohawk Valley: ak rejyon Lwès New York yo pou ogmante vas rezo distibisyon New York la pi plis. Sit yo rete nan devlopman e yo prevwa lanse yo nan semèn k ap vini yo. Detay final, ki enkli enfòmasyon pou pwograme randevou ak lè operasyon yo ap pibliye nan jou k ap vini yo.

"Gras ak ogmantasyon apwovizyonman vaksen patnè nou yo nan Washington, nou ka itilize plis nan kapasite eta nou an pou distribye dòz, e depi yo ouvri, nouvo sit sa yo ap pèmèt nou kontinye bay piki nan bra yo nan gran echèl", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou konnen vaksen an se zam k ap genyen lagè sa, men li efikas sèlman si nou pran li, se poutèt sa n ap travay san rete pou tabli sit tankou sa yo atravè eta a pou rive jwenn kantite Nouyòkè ki posib. Toutotan nou vaksinen moun, se toutotan nou ka kontinye pwogrè nou pou kenbe to enfeksyon an aleka, reouvri ekonomi nou an epi defèt COVID la yon fwa pou tout."

10 sit ki te etabli yo ap ouvri nan semèn k ap vini yo nan kote sa yo:

LONG ISLAND

SUNY Stony Brook SH Campus

70 Tuckahoe Road
Southampton, NY

Suffolk Community College Brentwood Campus

502 Wicks Road
Brentwood, NY

SUNY Old Westbury

Clark Center - Gate C

223 Store Hill Road
Old Westbury, NY

HUDSON VALLEY

SUNY Orange

Diana Physical Education Center
9 East Conkling Avenue
Middletown, NY

Ulster County Fairgrounds

249 Libertyville Road
New Paltz, NY

CAPITAL REGION

Queensbury Site

50 Gurney Lane
Queensbury, NY

MOHAWK VALLEY

SUNY Oneonta

108 Ravine Parkway
Oneonta, NY

SOUTHERN TIER

Corning Community College

Gymnasium and Wellness Education Center
1 Academic Drive
Corning, NY

WESTERN NEW YORK

Conference Center of Niagara Falls

101 Old Falls Street
Niagara Falls, NY

NEW YORK CITY

Bronx Site

Final Location Pending

Sit yo rete nan devlopman e yo prevwa lanse yo nan semèn k ap vini yo. Detay final, ki enkli enfòmasyon pou pwograme randevou ak lè operasyon yo ap pibliye nan jou k ap vini yo. Depi randevou yo ouvri, Nouyòkè ki kalifye yo ap kapab pwograme randevou lè yo itilize sitwèb ['Am I Eligible'](#) New York la oswa lè yo rele Liy Dirèk Vaksinasyon COVID-19 la nan 1-833-NYS-4-VAX (1-833-697-4829).

Mizanplas 10 sit sa yo ap ogmante rezo distribisyon vaksen ki deja vas New York la pi plis. New York pa sèlman te etabli 13 sit vaksinasyon an mas eta a jere, men pou

reponn ak dekrè Gouvènè a pou asire distribisyon vaksen san pati pri epi nan fason ki egal, anpil lòt sit te etabli pou asire ke Nouyòkè sa yo k ap viv nan kominote ki defavorize yo gen aksè dirèk nan vaksen an. Sa enkli sis sit vaksinasyon kominotè eta-FEMA reyini an, sit vaksinasyon an mas Yankee Stadium lan, ak plis pase 120 sit kominotè tanporè nan devlopman lojman piblik, legliz ak sant kominotè yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)